

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangtukangan ku ayana naskah purna drama karya Yoaeph Iskandar. Ieu naskah drama can loba nu apal, sabab ieu naskah husus dijueun pikeun pamilon pasanggiri “Apresiasi Bahasa dan Sastra siswa SD, SMP, SMA/SMK, Se-Jawa Barat” kontingén kabupatén Bogor dina taun 2006. Ditulis sakumaha ugeran apresiasi basa jeung sastra (drama) Sunda, nu dijejeran ku aturan dramaturgi, dina wongun téater total purna drama.

Ieu naskah téh nyaritakeun perjuangan rahayat Pajajaran sabada digempur ku pasukan Surosowan Banten anu di pingpin ku Maulana Yusuf. Rahayat Pajajaran antukna kadungsang-dungsang mileuweungan. Boh nu kolot boh nu ngora sarua papada mikiran nasib seuweu-siwi Siliwangi anu papada bingung kudu nyalindung ka saha jeung ka mana. Tuluy datang Nyai Putri jeung Ki Purwa Kalih anu sarua papada nytingkahan serangan musuh. Ki Purwa Kalih meunang iber ti Kahyangan yén Nyai Putri kudu bisa jadi pupuhu anu ngageugeuh tur nalingakeun seuweu-siwi Siliwangi sangkan tuluy sambung-sinambungan. Geus kitu mah rahayat anu dipingpin ku Nyai Putri kudu badarat ka kidul tuluy nyieun lembur anyar.

Dina mesék objék panalungtikan, panulis maké pamarekan struktural pikeun nganalisis karya anu ditalungtik. Anu ditalungtik téh nyaéta unsur carita dramana, téma jeung fakta carita anu ngawengku tokoh, galur, jeung latar carita. Salian ti éta, struktur naskah drama anu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan/scene, solilokui/monolog, kramagung, aside, jeung épilog dianalisis ogé. Geus kitu, dipaluruh ngeunaan 18 ajén atikan karakter Kemendiknas dina ieu naskah purna drama. Tujuan anu kahontal dina panalungtikan sakumaha anu geus ditepikeun saméméhna, nyaéta maluruh 1) struktur unsur carita drama; 2) struktur naskah; jeung 3) ajén atikan karakter nu nyampak dina naskah drama.

Struktur unsur carita nu ngawangun naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” téh kawilang lengkep. Téma nu nyampak nyaéta sosial. Kitu ogé galurna nu mérélé. Palaku dina ieu naskah téh nyaéta, Nyai Putri, Uwa Batara, 12 Rahayat Pajajaran, Pasukan Surosowan Banten, Pasukan Pakuan Pajajaran, Prabu

Nilakendra, Prabu Ragamulya Suryakancana, Ki Nakiwin, Ki Saltiwin, Ki Hulujurit, Ki Pantun. Nu dilakonkeun mah ngan sakur Nyai Putri, Uwa Batara, jeung 12 Rahayat Pajajaran. Ku sabab ieu naskah dijieun pikeun pasanggiri, aya sababaraha tokoh penting anu teu disebutkeun ngaranna nyaéta 12 Rahayat Pajajaran. ngan ditulis saha anu merankeunana.

Struktur naskah drama anu hadé téh nyaéta anu miboga dalapan struktur di jerona, kayaning prolog, dialog, babak, adegan/scene, kramagung, solilokui/monolog, aside, jeung épilog. Tina objék anu ditalungtik nyampak lima struktur naskah drama, nyaéta prolog, dialog, adegan/scene, kramagung, solilokui.

Ajén Atikan Karakter anu kapaluruh aya 9, nyaéta; (1) Religius, (2) jujur, (3) kerja keras, (4) demokratis, (5) rasa ingin tahu, (6) cinta tanah air, (7) bersahabat dan komunikatif, (8) peduli sosial, (9) tanggung jawab.

5.2 Implikasi

Struktur jeung unsur carita naskah drama dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan Sunda, hususna dina garapan purna drama. Ajén atikan karakter anu nyampak bisa jadi pieunteungan dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Dina panalungtikan, moal leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga sababaraha kahéngkéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep kaonjoyan dina ieu panalungtikan sanajan saeutik bisa jadi kahadéan, utamana bisa méré mangpaat dina mekarkeun pangaweruh jeung kamekaran dina studi sastra. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun mahasiswa, Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, jeung pamaréntah.

Mahasiswa, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah aprésiasi drama tur bisa dituluykeun ku panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan satulunya. Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna purna drama dina mata kuliah sastra. Pamaréntah, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun éksisténsi sastra Sunda anu di jerona

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASNAH PURNA DRAMA “RAWAYAN TI PAJAJARAN” KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngaguar perkara budaya jeung kahirupan urang Sunda, sangkan meunang panitén anu leuwih.